



Asirans maladi ki pa koute chè. Bon kalite swen.

Philip D. Murphy,  
Gouvènè  
Tahesha L. Way,  
Lyetnan gouvènè  
Leta New Jersey

## TIMOUN ak ADILT KI PA KO GEN 65 AN

NJ FamilyCare se yon asirans, pou moun ki rete nan NJ, ki finanse pa leta. Li ofri bon kalite sèvis swen ki swa gratis oswa nan ba pri. Gen nan pwogram NJ FamilyCare la CHIP, Medicaid ak Medicaid pou nouvo pouse demografik.

### Kisa ki kouvari?

NJ FamilyCare ofri kouvèti konplè pou swen medikal nan plan medikal leta a chwazi. NJ FamilyCare kouvari pifò nan swenyaj tankou:

- konsiltasyon doktè
- radyografi
- linèt
- sèvis otis
- preskripsyon
- ospitalizasyon
- sèvis pou swen mantal
- sèvis kominotè doula yo
- analiz laboratwa
- swen dan
- konsiltasyon avèk espesyalis
- èd nan bezwen swen pèsonèl

### Kilès ki kalifye:

Moun nenpòt laj ki abite NJ epi ki kalifye gendwa kalifye pou for NJ FamilyCare. Sa se tankou timoun, papa ak manman, fanmi ki gadò, ak adilt ki pa gen timoun depandan. Kalifikasyon baze sou revni ak konbyen moun nan kò kay la ki make sou dokiman taks anyèl moun k ap fè aplikasyon an. Toutfwa, NJ FamilyCare gendwa sèvi ak lòt sous, tankou souch chèk pewòl, pou I verifye enfòmasyon yo. Kalifikasyon sou revni pou timoun pi plis pase kalifikasyon sou revni pou adilt. (Wè tablo a)

### Konbyen li koute?

Pou anpil moun, NJ FamilyCare pap koute anyen. Pou fanmi ki gen revni ki pi wo men ki gen pitit yo gen yon echèl pwopòsyonèl ki fêt.

### Èske gen okenn restriksyon?

Timoun ki poko gen 19 lane ka kalifye pou NJ FamilyCare, kèkeswa ki pozisyon imigrasyon yo genyen. Fanm ansent ki legal isit ka kalifye, kèkeswa dat yo te antre Etazini Damerik. An jeneral, imigran majè sipoze gen rezidans pèmanan legal nan Etazini Damerik pou omwen senk lane pou yo kalifye pou NJ FamilyCare. Gen kèk imigran majè ki ka kalifye si yo legal, kèkeswa lè yo te antre Etazini Damerik. Egzanp nan moun sa yo se refiye e moun k ap chèche azil, e gen kèk lòt. Imigran ki gen ant 19 a 20 lane ki legal e ki gen ti revni monetè ka kalifye tou.

### Ki kote m ap jwenn plis ransèyman?

Pou w konnen si w kalifye, osinon pou plis ransèyman, swa rele nan telefòn osinon monte sou sit entènèt nou a.

**1-800-701-0710 (TTY: 711)**

(Gen operatè ki pale diferan lang)

**FÈ APLIKASYON ANLIY!**  
**[www.njfamilycare.org](http://www.njfamilycare.org)**

NJ FamilyCare obeyi lwa federal konsenan dwa sivil yo e li pa diskrimine nonplis sou ras, koulè po, peyi natif natal, sèks, laj, ak enfimite. Si w pale **kreyòl**, gen yon sèvis tradiksyon disponib san w pa peye anyen pou li. Sonnen 1-800-701-0710 (TTY: 711).

NJFC-FS-CREOLE-0124

### MAKSIMÒM REVNI MANSYÈL LA depi 1 janvy 2024

*Konbyen moun nan fanmi a ak montan revni  
ki nan taks federal ou yo*

Kantite moun*	Timoun (pa ko alaj 19)	Paran & Adilt selibatè (Alaj 19-64)	Fanm ansent (Nenpòt laj)
1	\$ 4 456	\$ 1 732	\$ 2 573
2	\$ 6 047	\$ 2 351	\$ 3 492
3	\$ 7 639	\$ 2 970	\$ 4 411
4	\$ 9 230	\$ 3 588	\$ 5 330
5	\$ 10 822	\$ 4 207	\$ 6 250
6	\$ 12 414	\$ 4 826	\$ 7 169
Chak moun anplis	\$ 1 592	\$ 619	\$ 920

\* Kantite moun ki nan fanmi w gendwa detoune nan kantite paran oubyen gadò ki gen nan fanmi a, ak tout pitit parantaj ki pa ko alaj 21 an ki depandan e ou deklare nan taks ou, ansanm ak tout lòt depandan ou deklare nan taks ou e ki rete lakay ou tou.